

Kontakte Disability Rights Florida

Pou fè yon aplikasyon pou jwenn èd nan men n, soumèt yon demann anliy. Yon espesyalis admisyon ap kominike avè w e mande w kèk enfòmasyon jeneral sou oumenm e yon rezime sou pwoblèm ou an. Enfòmasyon ou yo ap soumèt pou n revwa. Sèvis nou yo gratis e konfidansyèl.

ANLIY: DisabilityRightsFlorida.org

APÈL GRATIS: 800-342-0823

TDD: 800-346-4127

Jwenn plis enfòmasyon sou sit entènèt nou a


Paj sou sijè anrapò ak andikap.

Blòg e pòdkas.

Dènye nouvèl.

Travay jiridik nou fè.

Bwochi e publikasyon.



Inisyatif nan tout eta a

- Edike moun k ap tabli politik sou bezwen moun ki gen andikap.
- Pledwaye an favè remèd alontèm nan tout eta a pou pwoblèm moun ki gen andikap.
- Travay kolaboratif sou kesyon dwa moun ki gen andikap.
- Siveyans pwogram e lokal piblik.
- Fòmasyon pou moun ki gen andikap.

Disability Rights Florida te fonde nan lane 1977 antan yon sistèm deziye pou pwoteksyon e pledwaman (Protection and Advocacy, P&A) pou moun leta Florida ki gen andikap. Sistèm P&A a egziste pou asire sekirite, byennèt, e reyisit moun ki gen andikap.

Sekirite sosyal finanse kreyasyon dokiman sila nan kad yon sibvansyon. Malgre sekirite sosyal revwa dokiman sa a pou presizyon, li pa reprezante yon avi ofisyèl delapa sekirite sosyal. Se ameriken ki peye taks ki peye pou kominikasyon sa a enprime, pibliye, oubyen fèt e difize.



Disability Rights
FLORIDA
PLEDWAMAN. EGALITE. DIYITE.

Disability Rights Florida se yon òganizasyon san bi likratif ki finanse pa yon varyete sous. Pou yon lis konplè sou founisè fon, monte nan www.DisabilityRightsFlorida.org funders. Enfòmasyon ki founi la pa ni yon reprezantasyon jiridik ni konsèy jiridik.

Disability Rights Florida

2473 Care Drive, Suite 200
Tallahassee, Florida 32308

800-342-0823 | TTY: 800-346-4127

www.DisabilityRightsFlorida.org



Disability Rights Florida

Pledwaman.
Egalite.
Diyite.



Disability Rights
FLORIDA



KIYÈS NOU YE

Disability Rights Florida se yon antrepriz san pwofi ki defann dwa moun majè e minè ki gen diferan kalite andikap. Nou fè pati National Disability Rights Network, ki gen ladan 57 ajans ki pwoteje moun ki gen andikap e ki nan chak eta e sou teritwa Etazini Damerik. Nou gen tou yon pouvwa gouvènman federal la akòde n ki rele otorite daksè, ki vle di nou ka fè ankèt e siveye etablisman ki founi swen e tretman bay moun ki gen andikap de fason pou pwoteje dwa moun k ap viv nan etablisman yo.



SÈVIS NOU OFRI

- Diskriminasyon nan **lojman, obstak achitektiral, asistans bèt, transpò**, e aksè nan pwogram e sèvis prive e piblik.
- **Abi, neglijan, e vyolasyon dwa** nan yon etablisman, yon prizon, oubyen kazèn.
- Dwa pou gen yon anviwònman ki gen mwens restriksyon, lavi prive, chwa, diyite, e lòt **dwa fondamantal delòm e sitwayen**.
- Obstak nan yon **edikasyon apwopriye e gratis**, edikasyon espesyal nan K-12, sèvis tranzisyon, e edikasyon apre klas segondè.
- Aksè nan **sèvis pou sante mantal e soutyen** ki ofri yon tretman endividalize, sa gen ladan bay moun majè e etidyan ki gen twoub sikyatri.
- **Mezi amenajman nan anplwa**, ositou aksè, mentni oubyen retou nan yon anplwa, e **reyadaptasyon pwofesyonèl** (nan pwogram asistans pou kliyantèl nou a).
- Litij ki konsène **admisibilite nan Medicaid**, sa gen ladan Protected Medicaid, Home & Community Based Services Waivers, e Medicare Savings Programs.
- Dwa nan yon **koneksyon efikas e aksesib**, tankou lang siy Etazini Damerik e aksè nan enfòmasyon enprime e elektwonik.
- Ankèt sou fon ki vòlè oubyen mal itilize, eksplwate, oubyen neglije pa **benefisyè reprezantatif**.
- **Enskripsyon pou vote**, vote e lokal pou vote aksesib pou asire yon patisipasyon total nan pwosesis elektoral la.
- Aksè nan **teknoloji e aparèy pou asistans** tèlke aparèy kominikasyon e chèz woulèt elektrik.
- Gadò altènatif, ki gendwa se **asistans nan pran desizyon**.

